Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

Голос Цумады

2017 соналъул
13 октябрь
РУЗМАН

№ 43
(7478)

Газета бахьизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда
Багьа 4 гъурущ

12+

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

## Дагъистаналъул цIияв нухмалъулев

3 октябралда Россиялъул Президент Владимир Путинил указалда рекъон, Дагъистан Республикаялъул бетIерасул ишал тIуралевлъун тIамуна Владимир ГIабдугIалиевич Васильев.



Военный комиссариат

## О призыве граждан на военную службу

Согласно приказа Военного комиссара Цумадинского района №45 от 02 октября 2017года «О призыве граждан на действительную военную службу», на территории района с 01.10.2017 года по 31.12.2017 года проводится призыв граждан района на действительную военную службу в Вооруженные Силы РФ.

Явке на призывной пункт района в селении Агвали, для призыва на действительную военную службу, подлежат все граждане 1999 года рождения, которым ко дню призыва исполнилось 18 лет, а также граждане, родившиеся в 1990-1999г.г., у которых истекли отсрочки от призыва или не призванные ранее на действительную военную службу по различным причинам.

Подлежащие призыву на действительную военную службу в ВС РФ, обязаны прибыть на призывной участок с документами, указанными в повестке, а не получившие повестки - имея с собой документы, удостоверяющие личность.

Граждане, не явившиеся на призывные участки или уклонившиеся от явки, несут ответственность, согласно действующего законодательства.

На основании Закона РФ «О воинской обязанности и военной службе» руководители учреждений, организаций и учебных заведений обязаны освободить призывников от работы (учебы) на время, необходимое для прохождения призыва, отозвать призывников из командировок и обеспечить своевременную явку их на призывной участок.

**Хабиб Хабибов**, военный комиссар района

Росдал жамагIаталъул данделъи

## ХIалтIи гIуцIизе ккола жамагIатгун рекъон

Гъоркьоб къотIизе тун букIана ахирал моцIаз районалъул нухмалъиялъ, щибаб анкьалъ росабалъе ун, жамагIаталгун дандчIвай ва бегавулзабазул хIисабкьей гIенекки. ЦIилъизабуна гьеб гIадат районалъул бетIер АнвархIажи Вечедовас араб анкьалъ магIида бараб цIалкIуялда жиб релълъинабураб Силди росулъе бухьараб сапаралдалъун. Силдалгун дандчIвазе рачIун рукIана райадминистрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад ГIисаев, райадминистрациялъул отделалъул нухмалъулев МухIамад Коратов, лъайкьеялъул районалъул управлениялъул нухмалъулесул заместитель МухIамад ГIумаров, МВДялъул райотделалъул нухмалъулев Элдар МухIамадов ва цогидалги.



РачIинахъего росдал школалде щвана вакилзаби. ЦIибараб букIаниги, классрукъал гIунгутIиялъ, школа хIалтIулеб буго кIиго сменаялда. Рузманкъо букIун, лъебералда щуго минуталъул дарсал ругилан, рузманалде ине хIадурлъулел ратана мугIалимзабигун цIалдохъаби.

Школалъул гьитIинабго байданалда торгIо хIалел (волейбол) ратана ичIабилеб классалъул цIалдохъаби. ГьечIел шартIазухъ балагьичIого, спорталде машгъуллъулеб буго цIияб гIел.

Планал хъвалел, жидерго хIалтIуде хIадурлъулел ратана кIиабилеб сменаялъул цо-цо мугIалимзаби. ЛъикIаб рацIцIа-ракъалъи школалда бугониги, камичIо цо-цо гIунгутIабиги: хIалтIулел гьечIо видеокамераби, цIияб бачIун бугин, специалист вачIиналъухъ балагъун ругин бицана школалъул директор МухIамад Насрудиновас. Квеш ккараб иш буго цIа ккеялдасан цIуниялъул рахьалде кIвар кьечIого тей. Хаселалде хIадурлъи квешаб гьечIо, амма хIухьлаца хинлъизарулеб система хIалтIизе биччачIого батана. ХIажатханалъул суалги бегIерго чIун буго силдадерил цIалдохъабазе. ЦIар рагIарал спортсменазул росу бугониги, гьезул бицараб цониги къадал газета гьечIо школалда, дагьабниги лъай-хъвай гьезулгун цIалдохъабазул букIине. ЦохIо цIалдохъабаз гуребги, росдал гIолохъабазги гьездасан мисал босизе, гьеб рахьалдеги кIвар кьезе ккелин абуна АнвархIажи Вечедовас школалъул нухмалъулесда ва росдал бегавул ГIабдурахIман МухIамадовасда. ГIолел-гIоларел рахьал ритIизаризе болжалги цIан, киналго рузманалде ана.

Рузманалдасан хадур ракIарана годекIанилан абизе кинго мацI сверулареб, бакьулъ кIудияб каратIгвендги бугеб тIохде



бегавул ГIабдурахIман МухIамадовасул хIалтIул хIисабкьей гIенеккизе. Рекъонги букIинарин ккола чIужугIадан бихьиназул харбиде гьоркье жуязе, амма абичIогоги гIоларо.

Росдал жамагIаталъул данделъи

# ХIалтIи гIуцIизе ккола жамагIатгун рекъон

1



Щибаб росулъейин абуниги, щвана дун бегавулзабазул хIисабкьей гIенеккизе. ГIодориччан, цоцазул адаб-хъатир гьабун, жидер бугеб гIарз бицун, гьаб гьадин, доб додин букIине бокьилаанин жидееян абулаан гIемерисел жамагIатаз.

Гьадири ва Гьакъо букIана дагьаб «гIорхъолъа» борчIараб цоцазда тенкей. Гьеб кIочезабунин абизе бегьула силдадерица. Ришни-къул рокъосан къватIибе боси берцин бихьуларо. Росулъ бугеб ахIвал-хIал, узухъда, жамагIаталда лъикI лъала, амма, ругьунлъизе ккела гIадамалги, хасго чIахIияб гIелалъул, дагьаб сабру гьабун, гIакълу цебе, щин нахъе ккезабизе. Росдал депутаталги ракIарун, тIоритIарал сессиябазул, мукъсанабго букIаниги, харж гьабураб бюджеталъул ва цогидабги гьабураб хIалтIул кинаб букIаниги кагъат-документ ГIабдурахIманил батичIо, гьел щивасул рукIине ккола абун щибаб данделъиялда районалъул нухмалъиялъ абулеб букIаниги. Гьеб гуребги, ракIаричIел налогал, тIубачIеб план.

ГIемерал гIарзал рукIана жамагIаталъул росдал бегавуласда тIасан. БичIчIулеб гьечIо жамагIаталда, чи рикIкIун кьезе бихьизабураб бюджет букIин администрациялъул, гьеги мукъсан гьабун гурони, финансазулаб дуняласлъулго кризисилан гIиллаги бачун, цIикIкIинабулеб гьечIолъи.

ГIабдурахIманица баркала загьир гьабуна жамагIаталъе жинде гьабураб божилъиялъухъ, росдал къваригIелалъе гвазде рахъунел гIолохъабазе. ГьабсагIат росулъ гьабулеб гIемерисеб хIалтIиги, гIаммаб кумекалдалъун гьабулеб бугин бицана гьес.

АнвархIажи Вечедовас жиндирго кIалъаялда бицана къого-лъеберго соналъ цебе букIараб гъункараб, цолъараб, бокьараб хъулухъ борхизе хIадураб хIадураб жамагIаталъул хутIараб жого бихьуларилан. Гьес жамагIат ахIана росдал бегавуласда сверухъ цолъун, гъункун рукIине, ва лъарагIлъиялда чIарал цо-цо росуцоязул «зурмил гьаркьида» хадур ун, рикьалаби гьарулел рукIинчIого, жамагIаталъул газа кьурда рекIунеблъиги кIочене течIого, жидерго ишпишалде ва росдал хIажалъи-тIалабазде тIаделъизе.

ГIадат хIисабалда, районалъул нухмалъиялъ малъа-хъваял гьарулаан росабалъе индал, ва гIемерисел жамагIатазул бегавулзабазул хIалтIуе лъикIаб кьиматги кьолаан. Амма гьаб нухалъ Силдибе бухьараб сапаралдасан дунго юссана гIемерал пикрабиги ботIролъ женжедун-силдадерица росдал бегавул ГIабдурахIман МухIамадовасул хIалтIи гIей гьечIеблъун рикIкIана. Нилъ, магIарулазул, гIадат буго чи какизе щвани, черх бахъунеб. Батила жамагIаталъул рагIулъги дагьабниги битIараб рагIи. МагIарухъ бугеб Силди росдае депутаталгун бегавул жидер чIей-яшав Кироваулалда бугездасан рищичIого, росдал ургъел бугел ва гьелъул хIажалъаби бицун гуреб, бихьун лъалел росуцояздасан рищани лъикIан. МухIамад ГIисаевас, МухIамад Коратовас ва Элдар МухIамадовас жидерго кIалъаязда пихъ кьолеб гьотIода гурони гIадамаз ганчIал речIчIулареблъи, росдал жамагIатгун дибир бегавуласухъ гIенеккизе кколеблъи ва, гьел цадахъ рекъон хIалтIани, росдал гIузрабиги дагьлъулеблъи бичIчIизабуна...

ТIадехун абухъе, магIида бараб цIалкIу, цIумадисезул Силдиян жинда цIар лъураб росдал кидаго иман цIикIкIараб, исламалъул нухдасан таричIеб жамагIаталъул кIирикьиги бокьичIого, лъикIаб гуреб асар хутIана рекIелъ.



Амма йохана силдадерида инсан ракьалъ хьихьулеблъи кIочон гьечIолъи бихьидал. Кьадекваназе ниж рокъоре ахIичIев чи хут1ич1о, амма дир «къайицадахъазе» бокьана МухIамад ГIабдурахIмановасухъе колоде ине.

-Обкомалдасан амру бачIун бугин кулаби рихххеян, амма гьелдасанги бергьараб Аллагьасул амру кинаб букIинебали нилъеда лъаларин абун дин-ислам гьукъараб къварараб доб заманалда лесхозалъул парткомалъун хIалтIулев вукIарав дур инсуца абурал рагIаби цIакъ рекIее гIуна ва гьел ритIухълъанилан бицана МухIамадица. Кулабиги рихххичIо, жидерго магIишаталде силдалги руссана. Гьаб дуда бихьулеб кулиги, ах-хурги сон-жакъа бижараб гуро, лъебергокIикього соналъ цебего кьучI лъураб буго,-ян гьитIинабго экскурсия гIуцIана нижее хважаинас цIеда цIияб гьанги тIамун.

ЛъикIаб тепси гIуцIана гьес нижее, гьабураб гьоболлъиялъухъ баркалаги кьун, бакьанидехун нижецаги нух босана.

...Умумузул аби буго малъизеги, малъараб босизеги чи камун хут1угеян абун. Киналго рукIунаро хIалтIи лъалелги, гьелъие хIажалъула дагьабниги хIалбихьи. Малъизе чи камун хIукуматалъул хIалтIухъан хутIиларо, хIалбихьи цIикIкIараз малъунги, гьеб гьечIез цо-цо рагIи рехунги. Амма квеш ккараб иш буго малъараб босулел, малъулезухъ гIинтIамулел дагь рукIин. Батила гьеб нилъер пахрулъи, гIамалкIодолъи, чIухIи-рецц кьинабизе бокьунгутIи. Амма, абухъего, малъарасул кIал цIорочIебила, кIанцIарасул бох беки гуреб. Божи буго, хадусеб сапаралъ Силдисан ниж разилъун нахъе руссинин абун.

**Хадижат Залимханова**

Гара-чIвари

# Документазул гIадлу букIине ккела

Районалда бугеб ЗАГСалъул отделалъул нухмалъулей Марьям Рашидовалъулгун ккараб накъит кьолеб буго газета цIалулезе.

**-Марьям, гьаб соналъ районалда ригьин ва лъимер гьаби, ригьин бихха, хвел ккей ва цогидалъулги хIакъалъулъ бицинарищ кьокьго?**

-Районалъул росабалъ гьаб соналъул ичIго моцIалда жаниб гьабун буго кинабниги 348 лъимер, хун вуго 89 чи, гьездаса цо лъимер. Ригьин-цIа гьабиялъул 79 хьвай-хьвагIай гьабун буго, гьединго 13 ригьин биххун буго. Эменлъи чIезабун буго 93 лъимералъе. Гьеб ккола гIемерисел кIиабилел ва лъабабилел лъудбуз гьарурал лъималазе хIажалъулеб кьагIида.



**-Кинал росабалъ цIикIкIун лъимал гьарурал гьеб болжалалда жаниб? Гьезда гьоркьоса васазулищ ясазулищ кьадар цIикIкIараб?**

-Гьединаллъун ккола Эчеда, ТIинди, Хуштада росаби. ЦIикIкIун гьарун руго васал, ясазул кьадар дагьаб буго.

**-Кинал цIарал гьанже лъималазе гIемерисел эбел-инсуца кьолел ругел?**

-Бищунго тIиритIараллъун ккола МухIамад, Фатима, ГIайшат, Аминат, Абу-бакр, Ясмина ва гь. ц. Исламалъул бичIчIи цIикIкIингун, гIадамаз цереккун жидер рукIарал цIаралги хисун , лъолел руго бусурбабазул цIарал. Гьединал хIужаби цIикIкIана ахирал соназ.

**-Кинал документал къваригIунел цIар хисизе ккани?**

-Гьединаб мехалда хIажалъула цIар хисизе бокьун бугин хьвараб гIарза, санаде рахинчIезе-районалъул бетIерасул Распоряжение. Гьеб иш тIубала цо моцIида жаниб.

**-Кинал захIмалъаби дандчIвалел росабазул бегавулзабаз кьолеб хIисабкьеялъул хIалтIулъ?**

-Абиларо цере гIадин, компьютералда хIалтIизе лъаларел секретарал росабазул администрациябазда ругин, кинниги гьеб хIалтIи тохаб бугоан. Росабазул администрациябазул хIалтIухъабаз щибаб моцIрол гьарурал хьвай-хьвагIаязул баянал электронниябформаялда жиндир заманаялда кьечIолъиялъ квал-квалал ккола нижер хIалтIулъ.

**-Кинал масъалаби ругел жакъа ЗАГСалъул отделалда церечIарал?**

- Аслияб нижер масъала ккола актазул тIубараб ва битIараб хьвай-хьвагIай гьаби ва жиндир заманалда Дагъистан Республикаялъул юстициялъул министерствоялде хIисабкьей. Гьединго исана I8 декабралъ кIодо гьабизе буго ЗАГСалъ нусго тIубай ва гьелда бан хIисабалде босун буго кIикъоялда анцIго соналдаса цIикIкIун сонал гIумрудул цадахъ барал хьизамазда гьеб байрам баркизе. МахIачхъалаялдаги букIина Дагъистаналъул БетIерасулгун республикаялда ругел ЗАГСазул отделазул нухмалъулезул данделъи.

**-Жакъа пенсионеразе тIаде кьолел гIарцазда бан, гIемер гIадамал рачIунел руго нужехъе. Кинал захIмалъаби дандчIвалел цереккун соназ гьарурал хьвай-хьвагIаязул актазулъ?**

-ЧIахIияб гIелалъул гIемерисел гIадамал инсул цIар (отчество) хьвачIого свидетельстваби кьурал руго. Гьелъ гIадамазе цIакъ захIмалъула хIажатал документалгун рачIине кколин нахъе ритIулелъул, жал рикIкIадасан рачIанин чIола. Дида кинабго бичIчIула, амма хIажатал документал гьечIого кинха кьелеб цIияб свидетельство. Дир кIудияб гьари буго районцоязде докуметал камун, нижехъе рачIунгеян. ГIатIиракьалде гочун, дора гIумру гьабун чIарал нилъер гIадамаз бегьулаан жидеца яшав гьабулеб бакIалъул ЗАГСалдеги ун, нижехъе электронняб цIех-рех битIизе ва районалде сапар бухьинчIого хъулухъ тIубазе. Гьебмехалъ нижееги бигьа букIина хIалтIи нухда бачине.

**-Баркала гара-чIвариялъухъ. Гьабулеб данде бильъаги.**

**Зульфия Сажидова**

**Районалъул газеталъ 80 сон тIубаялде**

## Гьаз нухмалъи гьабуна районалъул газеталъе

### МухIамад Дибиров



Дибиров МухIамад гьавуна 1910 соналъ Гьадири росулъ.

1940 соналъул маялдаса гьебго соналъул сентябралде щвезегIан хIалтIана районалъул газеталъул редакторлъун.

1986 соналъ Аллагьасул къадаралде щвана.

### Герей МухIамадов



МухIамадов Герей гьавуна ТIисси росулъ.

Райгазеталъул редакторлъун хIалтIун вуго 1947 соналъул маялдаса 1950 соналъул марталде щвезегIан

**Грипп**

# Сан гьабичIого тезе бегьуларо

*Исана хасало сунца унтизе рес бугеб?*

Статистикиял баяназда рекъон, гриппалъ унтун холезул къадар цIикIкIунеб буго. ГIемерисеб мехалда гриппалъ унтулел руго херал ва лъимал. Специалистазул баяназда рекъон, Россиялде бачIун буго хIинкъи бугеб, лъабго батIияб гриппалъул инфекция. Соналдаса соналде гриппалъул вирус хисулеб букIуна, ва гьеб кидаго инсанасул сахлъиялъе хIинкъи бугеблъун ккола. Исана Россиялда болъонил грипп (HINI) тIибитIизе рес буго.

Болъонил грипп хехго бахине бегьула: кIудияб ригьалъул гIадамазде, щуго сон бачIел лъималазде, ургьиб лъимер бугел руччабазде, тIаса унареб унти бугезде.

Гьеб грипп бахуна гьаваялдасан, кIиго метралъул манзилалъ аскIовегIан вугев чи чинхъани, яги унтарав чияс хIалтIизабураб тIагIелалдасан. Унтарав вукIараб бакIалда кIиго сагIаталдасан гурони гьеб вирус холаро. Гьединлъидал, вирус бахине бегьула, масала, лифталъул кнопкаялда, столалда, техникаялда, цIарагIалда ва цогидабги унтарас квер хьван букIараб тIагIелалда квер хъвани.

Гьеб унтул бищунго хIинкъи бугеб рахъ ккола унтудаса хадуб пневмония лъугьин. Болъонил гриппалъ кIиго къоялда жаниб пневмония лъугьинабизе бегьула. Гьединлъидал гьеб тайпаялъул гриппалъ унтарал гIемерисезул хадурги захIматал унтаби лъугьуна ва цIакъго сахлъи загIипав чи хвезеги рес буго.

Гьединго исана хасало хIинкъи бугеблъун ккола гонконгалъулин абулеб грипп. Соналдаса соналде гьеб грипп хIинкъи бугеблъун лъугьунеб буго. Гьеб гьаваялдасан ва квераздасан бахуна. Гьединлъидал грипп тIибитIараб заманалда, гIемерал гIадамал ругеб бакIалде рахьинчIого лъикI ва, зама-заманалдасан сапунги бахун, кверал чуризе ккола.

Гонконгалъул грипп бахине бегьула: херал гIадамазде, гIисинал лъималазде, ургьиб лъимер бугел руччабазде, хIалакълъизелъун дагьго кваналезде, чакрил унти бугезде, гьуърул унтаразде.

Цогидал инфекциязде дандеккун, гонконгалъул гриппалъ берал унтизарула, ссудизарула, бохдул унтизарула ва бакъвараб хьегIи баккизабула. Гьеб гриппалъ унтаразе хIинкъи буго миокардит, пневмония, энцефалит лъугьиналъул. Гьеб унтудаса хадуб цоцоязул гьуърул ва ургьисалаби унтизе лъугьуна.

Специалистазда лъазабизе кIвана цоги тайпаялъул грипп. Гьеб ккола гонконгалъулалдаго релълъараб Брисбен абулеб грипп.

Цогидал инфекциялго гIадин, гьебги байбихьула сири баялдасан, бетIер, ччорбал унтула, мегIерччин баккула. Заманалдасан чорхолъа лъим дагьлъула, бакъвараб хьегIи баккула, кванирукъ ва чехь-бакь унтизе бегьула. Гьеб тайпаялъул грипп, цогидазде дандеккун, хехго бахуна.

Гьединлъидал специалистаз лъазабулеб буго цIуна-къай гьабеян. Унти бахинаредухъ, мегIер къойил цIамул лъеца хулизе лъикIаб буго, гьелъ магIарзухъе ккараб вирус чурула. Гьелдаго цадахъ витаминал гьекъезеги лъикIаб буго. Гриппалдаса гIадамал цIунизелъун, ТIолгодунялалъул сахлъи цIуниялъул гIуцIиялъ (ВОЗ) гриппалде данде вакцинаби гIуцIун руго. Федералияб бюджеталдаса гIарацги биччан, исана босун буго нилъерго улкаялда гьабураб 58,4 миллион вакцина. Гриппалде данде вакцина гьабизе ккола сентябралдаса ноябралде щвезегIан.

**ПатIимат СултIанмухIамадова**
**«ХIакъикъат» газеталдаса босараб**

**Нилъеда сверухъ лъикIал гIадамал**

# Халкъалъул мурадал тIуралел шоферал




Чи рикIкIун кIи-кIи автомашина бугин абуни мекъиги ккела, гьедигIанги гIемерлъун буго районалда автотранспорт. Рохизе ккараб хIужаги батила гьеб, гIадамазул яшав лъикIлъиялъул гIаламатлъун дицаго рикIкIунелъул. Амма, цо гIакъилас абун буго, жакъа къоялда автотранспорт бечелъиялъул гIаламатлъун гуреб, халкъ рекIун хьвадиялъул алатлъун кколин. Гьединги батилаха, букIуна чанги къо, кигIан гIемераб автотранспорт районалда бугониги, къваригIел ккедал цониги машина щолареб. Гьединаб мехалъ районцояз тIоцебе ахIула Салим Мирзаевасухъе ва МухIамадхIажи Идрисовасухъе.

Гьел шоферал лъаларев чи районалда гуревги, Дагъистаналдаго ватиларо. Цогидаз абила, гьел гурелги руго гурищ нилъер маршруталъулал микроавтобусазда шоферзаби. Руго, гьездаги дагIба гьечIо. МухIамадрасул, КъурбангIали, ХIабиб, Палаганов. Гьезиеги азарабго баркала гIадамазул хъулухъ-къваригIел тIубаралъухъ.

Амма жакъа гьав кIиясулго бицинчIого гIоларо, гIемеразул гьари гьеб букIун. Балеб цIадукь вахъун чIарав цо кIудияв чи аскIове вачIана гьал къояз, газеталъул подписчикги кколила жив, кин бугониги Салимгун МухIамадхIажи газеталда рахъеян, гьез сундухъго балагьичIого, гIадамазул мурад тIубалин, ахIаралъуре нахътIамун течIого рачIунин абун.

-Хъулухъ тIубалеб батани, мун щайха гьаб балеб цIадукь вукIинчIого, гьазул цонигиясул машинаялде вахунарев?,-ян гьикъидал, жив вехе унев чи гурин бицана. Хасавюрталдеги МахIачхъалаялдеги ритIулел посылкаби рукIун руго кIудиясул, «ТIубала, кIудияв, дур мурад»-янги абун, жиндир ящикIал машинабазда лъунилан тIадеги жубана. Дун маршруткаялде аскIое ячIунейги йихьун, лъалхъараб куц буго кIудияв чи. ЦIар бицине гьесие бокьичIелъул, хъвачIого толеб буго гьанибги.

Баркала, Салимгун МухIамадхIажи ва маршруткабазул цогидалги шоферал. Лъидасанго лъикI, нужеда бичIчIулеб батила машинабазда рекIарал пассажиразул гIумру нужеда бараб букIин. Нужер махщелалъ, пассажираздехун бугеб бербалагьиялъ, щивасулгун гIаммаб мацI батизе бахъулеб хIаракаталъги машинаялда рекIарал гьезулгун гIамал рекъезабиялъги ратила нуж районцоязе рокьулел.

Салимица вай-файги машинаялъуб лъун, телефоназде къуларал жидеда тахшагьаралдасан Агъвали щвезегIан бугеб лъабго сагIтил нух арабцин лъачIого нахъе тун батулин рукIуна пассажирал.

Бокьун буго газета гьоркьобккун, цIар хъвазе бокьичIев «ЦIумадисезул гьаракьалъул» подписчикасул ва гьесдаго релълъарал анцI-анцI цогидазулги гьари тIубан, ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе районалъул маршрутниказе, хасго Салимиегун МухIамадхIажие. Гьаризе гьезие щулияб сахлъи, халатаб талихIаб гIумру, кидаго сапар-сагIат битIи, светофоралъ гIурччинаб гуреб канлъи баккунгутIи, ай, рокъор кидаго жал рачIиналъухъ балагьун хъизанлъимал рукIинги кIоченчIого, рекIаралъур рещтIи.

**Районалъул пассажиразул гьариялда рекъон, хъвана Хадижат Залимхановаль**

«Редакция газеты «ЦIумадисезул гьаракь» («Голос Цумады»)» Муниципальное унитарное предприятие, сокращенно МУП «РГГЦ»

БетIерав редакторасул бакIалда Залимханова Хадижат МухIамадовна

ТЕЛЕФОНАЛ:
Редакторасул 2-52-44
Жавабияй секретаралъул 2-52-92

Редакциялъул (издателасул ) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Агъвали росу.

«ЦIУМАДИСЕЗУЛ ГЬАРАКЬ» газета гIуцIараб: «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере массовых коммуникаций, связи и охраны культурного наследия по Республике Дагестан. Свидетельство о регистрации ПИ №ФС 05-0005 от 20 августа 2008 г.

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда

Газета къватIибе биччана РГЖТялъул типографиялда. Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Петр I-сул проспект, 61

Редакциялъул пикру кидаго гуро рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз.

Газеталъул индекс: бащдаб лъагIалие - 51377 лъагIалие - 63302 Тираж -2310 Заказ ---

Графикалда рекъон газета къватIибе биччазе гъулбасизе кколаан 17 с. 00 мин. ХIакъикъаталда гъулбасана 16 с. 45 мин.

Газеталъул электронниияб адрес: Golostsumady@mail.ru

Спорт-Спорт-Спорт

# Къей лъаларев багьадур

Эркенаб гугариялъул рахъалъ ветераназда гьоркьов анкьго нухалъ Дунялалъул чемпионлъун вахъарав МухIамад Бадрудинов, лъабкъоялда анцIго сонил гIумруялде вахунаго, жакъаги хIадурлъулев вуго халкъалда гьоркьосеб дунялалъулго чемпионаталда гIахьаллъи гьабизе. Гъизилюрталда гIумру гьабун вугев МухIамад ккола нилъер районалъул Лъондода росулъа.



Спорталъул рахъалъ цебетIураб росу буго Лъондода. Гьениса вахъана Олимпиялъул гIарцул призер Арсен ГьитIинов, Европаялъул ва Россиялъул чемпион Шамил ГьитIинов, 2012 соналда Лондоналда букIараб Олимпиадаялда дзюдоялъул чемпионлъун вахъарав ТIагьир ХIайбулаев ва цогидалги.

МухIамад Бадрудинов школалда цIалулеб мехалдаго машгъуллъана спорталде 1967 соналда МухIамад цIализе лъугьана МахIачхъалаялъул художественнияб училищаялде.

ЦIалудасан эркенаб заманалъ хьвадулаан гугариялъул секциялде.

1972 соналда гьев гочана Абхазиялъул Сухуми шагьаралд ва гьенив унго-унголъунги тIаделъана спорталде. МухIамад 1973 соналда вахъана Грузиялъул чемпионлъун, гьеб бергьенлъиялъухъ Сухуми шагьаралъул администрациялъ гьесие кьола щуго рукъалъул секция ва гьеб букIана МухIамадие щвараб тIоцебесеб шапакъат.

Дагъистаналде тIадвуссиндал, хIалтIизе лъугьана Гъизилюрталъул «Локомотив» спортивияб школалда тренерлъун.

ГIумруялъул кIикъоялда анцIго сон баниги, гугариялде бугеб рокьиялъ МухIамадие ракIалъ рахIат толеб букIинчIо, хIаракат бахъана ветераназда гьоркьор тIоритIулел къецазда гIахьаллъизе.

Лъабкъоялда анцIилъе вахунев МухIамад исана Смоленскалда тIоритIарал къецазда анцIилааннлъабилеб нухалъ Россиялъул чемпионлъун вахъана. Гьединго гьев ккола Дунялалъул анкьцIул чемпионлъун. Жакъа гьев хIадурлъулев вуго Болгариялда букIинесеб дунялалъул чемпионаталде. РакIчIараб буго микьабилеб нухалъги МухIамад чемпионлъун вахъиялда.

Гьелгуниял бергьенлъаби росизе МухIамадица нахъе тараб нух ккола багьадурлъиялда бащадаб, гIун бачIунеб гIелалъ мисал босизе мустахIикъаб.

Гьарула МухIамадие Болгариялда тIоритIулел къецазулъ иргадулаб нухалъги дунялалъул чемпионлъун вахъине.

**МухIамадрасул Амиров,** Лъондода росу

# ЦIумадисезул цIар борхатго ккуна



6-7 октябралда Казахстаналъул Астана шагьаралда тIобитIараб ММАялъул рахъалъ дунялалъул чемпионаталда гIахьаллъарав нилъер ракьцояв, Гьигьалъ росулъа МухIамад Шагьрудинов 84 кг. цIайиялда вахъана чемпионлъун.

Баркула МухIамадида бергьенлъи. Гьарула гьесие сахлъи, къуват ва икъбал.



7-8 октябралда Краснодаралда тIобитIана ММАялъул рахъалъ Россиялъул кубокалъе гIоло къецал. Гьениб 93 кг. цIайиялда тIоцебесеб бакI щвана Гъоркьгъакъвариса Насрудин Насрудиновасе.

Баркула Насрудинида бергьенлъи. Хадубккунисеб гIумрудулъги гьарула спорталъулъ чIахIиял бергьенлъаби, сахлъи ва икъбал.

# МухIамадов ХIамдула ГIашикъович



5 октябралда халатбахъараб захIматаб унтудасан хадув Аллагьасул къадаралде щвана МухIамадов ХIамдула ГIашикъович.

ХIамдула гьавуна 1933 соналъул 18 марталда Гъоркьгъакъвари росулъ.

1955 соналъ тIокIлъиялда Дагъистаналъул пачалихъияб университет лъугIун хадув 1962 соналде щвезегIан хIалтIана халкъияб лъайкьеялъул нилъер районалъул отделалъул нухмалъулевлъун.

Аспирантура лъугIун хадуб, хIалтIана Москваялда СССРалъул гIелмабазул академиялъул физикаялъул институталда гIелмияв хIалтIухъанлъун.

1967 соналдаса нахъе къоло лъабго соналъ хIалтIана Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул физикаялъул факультеталъул деканлъун, гьелдасан хадуб физикаялъул кафедраялъул заведующийлъун.

ХIамдула ГIашикъович ккола чидар пачалихъазул гIемерал мацIазде таржама гьабураб ункъоялда анцIила микьго гIелмияб ва цIалулгун методикияб публикациялъул, анцIила щуго цIалулгун методикияб пособиялъул автор ва авторлъиялъулаб щуго свидетельствоялъул (патент) бетIергьанчи.

Докладалгун цеве вахъана Халкъазда гьоркьосеб, Полгосоюзалъул ва ТIолгороссиялъул лъебералда лъабго гIелмияб конференциялда.

ХIамдула МухIамадовасе хасиятаб букIана ракIбацIцIалъи, иш бажари, ишалдехун ритIухъаб бербалагьи, гьудул-гьалмагълъиялда гьоркьоб гьуинлъи. ГIемераб хIалтIи гьабуна гьес гIагараб университет ва факультет цIалул рахъалъ цересезул кьерде рачIине. КIудияб камилъун лъугьана захIматалъул ветеран, Дагъисталалъул мустахIикъав учитель, Россиялъул Федерациялъул тIадегIанаб лъайкьеялъул мустахIикъав хIалтIухъан, СССРалъул изобретатель, гIелмиябгун техникияб рахъалъ РФялъул пачалихъияб премиялъул лауреат, рагьараб ракIалъул гьайбатав инсан гIумруялдасан ватIалъи гIемерал соназ гьевгун цадахъ хIалтIаразе, хъизан-лъималазе ва гIага-божаразе.

Зигара балеб буго ХIамдула МухIамадовасул хъизан-лъималазда ва гIагарлъиялда. Аллагьас иманалда тIовитIун, Алжан насибавлъун ватаги. ХIамдула ГIашикъович нижер ракIазулъ даим хутIизе вуго.

**А.Вечедов, У.Сайпудинов, М-Р.Гагиев, М.ГIисаев, ТI. Халидов, А.ГIумаров, М.Гьарунов, А-Н.Абакаров, Ш.ХIамзатов, М. Шамсудинов, М-З.Аюбов, Р.АхIмадов, Ш-Р.Насрудинов.**

# Памяти Хандулы Ашиковича Магомедова

К сожалению, мне не удалось присутствовать на похоронах Хандулы Ашиковича Магомедова. Приношу родным и близким свои соболезнования, разделяю их горе.

Я уверен, сопереживающих людей очень много. В судьбе многих он сыграл незабываемую роль, остался в памяти как эталон честного и преданного человека.

А в моей жизни его роль была судьбоносной. И, прежде всего, в профессиональном плане. Ученым - кристаллографом я стал именно благодаря ему. В целом ряде своих интервью я называл Хандулу Ашиковича своим первым учителем, хотя наукой под его руководством я не занимался, и многих это удивляло. По удивительному совпадению мое знакомство с ним произошло в Институте кристаллографии в начале 60-х годов прошлого столетия. Я был школьником. Моего отца связывали с ним дружеские отношения. Мы возвращались после отпуска в Воркуту, а Хандула Ашикович учился в аспирантуре в Москве в Институте кристаллографии. Занимался он получением кристаллических пленок, это было очень перспективное направление. Потом, много лет спустя, за многослойные пленки - гетероструктуры - Жорес Алферов получил Нобелевскую премию.

Очень жаль, что Хандула Ашикович не продолжил свои пионерские исследования. Но и то, что он делал после возвращения в Дагестан, вызывало восхищение. Он был блестящим лектором, его лекции по кристаллографии я много лет хранил, использовал в своем спецкурсе для студентов. К сожалению, его лекции по кристаллографии не были изданы отдельной книгой. По общему признанию, он был великолепным деканом. Это был талантливый ученый и красивый человек, которым наш район может гордиться.

**Академик РАН А. Асхабов**

Райадминистрациялъул хIалтIухъабаз гьваридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго вацал ХIажидибир ва МухIамад ХIажидибировазда захIматаб унтудасан хадуб гьезул хирияй эбел

**СалихIат**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Аллагьас хваралъул рухI иманалда бахъун батаги, гIагарлъиялъе сабру ва сахаб гIумру кьеги.

«ЦIумадисезул гьаракь» газеталъул хIалтIухъабаз пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго ХIажидибир ва МухIамад ХIажидибировазда гьезул хирияй эбел

**СалихIат**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Аллагьас хварай Алжаналъул агьлулъун гьаеги, гIагарлъиялъе сабру ва сахаб гIумру кьеги.

**ГIагарлъиялда жанив рахIму къотIун вукIунге,**
**Яцал-вацалгун цадахъ рокъоб ракI гIатIид гьабе.**

**Гьигьалъа ХIусейнияв МухIамад**